

**KONFLIK SAJRONE NOVEL KELADUK MANIS ING SALUMAHE SAMBILATA ANGGITANE TULUS SETIYADI**

(Tintingan Strukturalisme Genetik)

**Ika Nur Arista**

Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah  
Fakultas Basa lan Seni  
Universitas Negeri Surabaya

Ikaarista130@gmail.com

**ABSTRAK**

Novel KMISS anggitane Tulus Setiyadi mujudake crita fiksi. Crita fiksi ing novel iki ora mung imajinasi saka pangripta nanging uga kaprabawan saka kahanan kang ana ing sakiwa tengene pangripta. Kang narik kawigaten panliten iku novel KMISS yaiku konflik.

Underan panliten iku yaiku: (1) Kepriye isi novel KMISS anggitane Tulus Setiyadi? (2) Kepriye wujud konflik internal, konflik ekternal lan akibat saka konflik sajrone novel KMISS? (3) Apa kang njalari Tulus Setiyadi ngripta novel KMISS kanthi akeh nuwuhake konflik?. Ancase panliten iku yaiku: (1) Ngandharake isi novel KMISS anggitane Tulus Setiyadi. (2) Ngandharake wujud konflik internal, konflik ekternal lan akibat saka konflik sajrone novel KMISS anggitane Tulus setiyadi. (3) Ngandharake apa kang njalari Tulus Setiyadi ngripta novel KMISS kanthi akeh nuwuhake konflik. Paedah panliten iku yaiku: (1) Bisa dadi pambanding saengga bisa narik kawigaten kanggo panliten sabanjure. (2) Diajab bisa nambahi piwulangan ngenani kasusastran Jawa mligine novel. (3) Bisa nambahi kawruh ngenani sastra, mligine bab teori strukturalisme genetik.

Panliten iku ngunakake pamekaran strukturalisme genetik. Metodhe panliten kang digunakake yaiku panliten kualitatif kang kaandharake kanthi cara dheskriptif. Teori sajrone panliten iku yaiku strukturalisme genetik. Sumbere arupa novel KMISS anggitane Tulus Setiyadi. Teknik pangumpulan dhata yaiku nggunakake teknik kapustakan lan wawancara.

Asile panliten iku yaiku: (1) Isi novel KMISS anggitane Tulus Setiyadi yaiku ngenani konflik. Konflik kasebut uga kasengkuyung kanthi anane tema minor yaiku karesnan lan tumindak sedheng kang dilakoni paraga utama. Papan sajrone novel KMISS yaiku ing caffe, omah lan rumah sakit. Sajrone novel KMISS pangripta ngunakake sudut pandang *persona* katelu lan ngunakake alur maju mundur utawa alur campuran. (2) Wujud konflik internal sajrone novel KMISS yaiku paraga lara ati, paraga utama rumangsa kapeksa, paraga ngrasakake nelangsa lan sujana. Wujud konflik ekternal yaiku paraga utama mikir awake dhewe, paraga ora ngregani wong liya. Akibat saka konflik kang dialami paraga sajrone novel KMISS yaiku rasa getun, kuciwa, rasa luput, ora bisa percaya, pasrah, bisa nemtokake pilihan, ayem, pangigit-igit. (3) Lingkungan sosial pangripta duweni sesambungan kang raket marang karya sastra kang diripta. Novel anggitane Tulus Setiyadi minangka asil karyane pangripta kang kaprabawan saka pengalaman lan lingkungane. Kabukten saka konflik karesnan sajrone novel KMISS.

Tembung Wigati : Strukturalisme genetik, Novel KMISS

## PURWAKA LELANDHESAN PANLITEN

Sastra minangka gegambaran saka kahanakanan ing kanyatan saben dina ora bisa uwat saka masalah-masalah kang dumadi sajrone bebrayan. Kadadeyan-kadadeyan kang dumadi sajrone panguripan nuwuhake idhe lan pangaribawa tumrap kasusastran. Kasusastran uga ngandhut maneka warna masalah kayadene masalah utawa kadadeyan kang dumadi ing panguripan kang nyata. Bab mau laras karo andharane Wellek lan Werren (1990:170) yen sastra mujudake pengalaman urip sawijine manungsa. Anggitan kang kaya mangkono kalebu kausastran Jawa modern.

Salah sawijine kasusastran Jawa modern kang narik kawigaten yaiku novel. Novel yaiku karya fksi kang ngandharake aspek-aspek "kamanungsan" kang luwih jero lan disajekake kanthi alus (Nurgiyantoro, 2007:9). Miturut Natia, (2008:93) ngandharake novel mujudake crita kang nyeritakake sawijine kadadeyan saka panguripane paraga kang ndadekake owah-owahan sajrone urip saengga nemtokake nasib sabanjure paraga.

Pangripta jawa akeh kang wis ngasilake novel, sawijine pangripta kuwi yaiku Tulus Setiyadi, STP. Novel sing diripta dening Tulus S lumayan akeh, ana *Uran-Uran Katresnan, Udan ing Wanai Ketiga, Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* lan sapanunggale. Karyakarya sastrane ora mung kango wewacan kang menehi kasenengan, nanging uga nduweni paedah tumrap pamaos. Tulus setyadi minangka pangripta sastra kagolong enggal. Jalaran karya sastrane kang arupa novel isih winates, nanging sajrone ngripta karya sastra jawa nduweni *kwalitas*. Asil karyane Tulus Setiyadi akeh ngandharake ngenani prakara-prakara tresna, prakara bale wesma utawa karya sastrane akeh sing ngandharake perkara romansa. Prakara-prakara kasebut wujud gegambaran sosial kang kadadeyan ana ing bebrayan. Salah sawijine kasusastran Jawa modern kang narik kawigaten kaya kang wis diandharake ing dhuwur yaiku novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata*. Minangka sumber dhata novel anggitane Tulus S kanthi irah-irahan *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata*. Novel kasebut mujudake novel kang narik kawigaten ngenani konflik antara paraga siji lan sijine. Novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kang sabanjure dicekak dadi KMISS uga narik kawigaten panliti kango panliten, amerga sepisan novel KMISS iki durung tau ditliti. Kapindho, sajrone novel KMISS iki ana rong paraga kang nduweni kalungguhan wigati yaiku Denti lan Lore.

Salah sawijine bab kang narik kawigaten saka anane kasusastran yaiku bab konflik kang ana sajrone crita. Kepriye pangripta anggone nggambarkerake konflik kang ana sajrone crita kang dialami dening paraga. Konflik kang dialami dening paraga mujudake bab kang wigati banget amarga sajrone crita ora bisa diarani crita yen ora ana alure, amarga pamaos bisa ngerten iku crita yen ngerten iku crita. Alur utawa plot mujudake apa kang ditindakake dening paraga lan kadadeyan kang dialami dening paraga sajrone crita (Kenny sajrone Nurgiyantoto, 2007:75)

Konflik minangka samubarang kang dramatik, munjer marang kadadeyan ing antarane loro kekuwatan kang padha lan nuwuhake aksi lan aksi walesan (Wellek & Werren, 1995:285). Konflik uga diperang dadi rong jinis yaiku internal lan eksternal. Konflik internal kang kerep sinebut konflik batin utawa konflik kang dialami lan dumadi saka jrone atine paraga. Konflik eksternal mujudake konflik kang tuwu amarga ana faktor penyebab saka sukupenge paraga. Selaras karo apa kang wis diandharake kasebut bisa dimangerten menawa ana gegayutan antarane karya sastra karo kanyatan kang dumadi, mula panliten iki trep yen nggunakake tintingan strukturalisme genetik.

Miturut Goldman strukturalisme genetik sawijine tintingan kang ora mung ngrengbug babagan unsur intrinsik, nanging uga babagan ekstrinsik. Babagan ekstrinsik iku kang ana sambung rapete karo kanyatan kang dumadi sajrone bebrayan. Kanyatan sajrone bebrayan iki yaiku pamawase pangripta tumrap asil reriptane, bebrayan, lan pamawase jagad. Mula sajrone panliten iki saliyane ngandharake gegambaran konflik sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* uga ngandharake kepriye pamawas pangripta ngenani apa kang njalari ngripta novel kanthi akeh nuwuhake konflik kang ana sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus S.

## UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar lelandhesane panliten kang wus diandharake kasebut, underane panliten yaiku:

- 1) Kepriye isi novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus.S?
- 2) Kepriye wujud konflik internal, konflik eksternal lan akibat saka konflik sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus.S?
- 3) Apa kang njalari Tulus Setiyadi ngripta novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kanthi akeh nuwuhake konflik.

## ANCASE PANLITEN

Adhedhasar underanen panliten ing ndhuwur bisa ditemokake tujuwane panliten kaya ing ngisor iku:

- 1) Ngandharake isi novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus.S?
- 2) Ngandharake wujud konflik internal, konflik eksternal lan akibat saka konflik sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus.S?
- 3) Ngandharake apa kang njalari Tulus Setiyadi ngripta novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kanthi akeh nuwuhake konflik.

## PAEDAHE PANLITEN

- 1) Tumrap panliti sastra, panliten iki diajab bisa dadi pambandhang saengga bisa narik kawigaten kanggo panliten sabanjure.
- 2) Tumrap piwulangan sastra, panliten iki diajab bisa nambahi bahan piwulangan ngenani kasusastran Jawa.

- 3) Tumrap pamaos, panliten iki bisa nambahi kawruh ngenani sastra, mligine bab teori strukturalisme genetik.

## WEWATESANE PANLITEN

### 1) Konflik

Konflik mujudake sawijine proses sosial antarane pawongan utawa segolongan uwong, kanggo nyungkirake liyan kang dianggep mungsu kanthi ngrusak utawa nglumpuhake liyan (Nurgiyantoro, 2007:122).

### 2) Novel

Novel yaiku karya fiksi kang ngandharake aspek-aspek "kamanungsan" kang luwih jero lan disajekake kanthi alus (Nurgiyantoro, 2007:9)

### 3) Strukturalisme Genetik

Cabang panliten sastra struktural sing ora murni. Panliten struktural genetik ndeleng karya sastra saka rong sudut yaiku intrinsik lan ektrinsik.

Karya sastra ora mung imajinatif lan pribadhi, nanging uga mujudake kaca benggala utawa rekaan budaya. (Ratna, 2008:123).

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

### Kasusastran Jawa

Suwarni, (2013:1) Periode kasusastran ana telu yaiku, sastra Jawa Kuna, sastra Jawa Pertengahan lan sastra Jawa Modern. Sastra Jawa Kuna ngrembaka wiwit abad IX nganti awal pemerintahan Majapahit. Senadyan sastra Jawa pertengahan ana wiwit jaman Singasari nganti surute kerajaan Majapahit. Sastra Jawa Modern ana wiwit mlebune Islam nganti saiki.

Salah sawijine kasusastran Jawa kang uga akeh narik kawigaten yaiku sastra Jawa Modern. Kasusastran Jawa Modern tuwuhan lan ngrembaka nganti saiki (Hutomo, 1975:20). *Genre-genre* sastra Jawa Modern kang ngrembaka yaiku ana novel, geguritan, carita cerkak, carita sambung lan drama. Sastra Jawa modern dhewe uga akeh banget disenengi dening masyarakat, kawiwanan saka kang ngriptakake, uga para penikmate. Sastra Jawa modern ngrembaka wiwit jaman Balai Pustaka lan *Panjebar Semangat* ing taun 1908-1945. Asli kasusastran Jawa kang diterbitake yaiku Serat Riyanto (Balai Pustaka, 1920) anggitane R.M Sulardi. Jinise sastra Jawa modern iku kaya kang diandharake dening Ras (1985:8) yaiku sastra kang oleh pangaribawa saka sastra manca. Mula saka kuwi ora nggumunake yen wujud sastra Jawa modern saemper karo sastra manca. Sastra Jawa akeh dikenal dening para pamaos yaiku cerkak, novel lan guritan.

### Novel

Sumardjo (1999:11-12) ngandharake menawa novel yaiku crita kang sipate *faktual*. Basa kang digunakake uga basa *denotatif*, mula novel gampang diwaca lan dimangerten. Novel uga akeh ngandhut *suspense* sajrone alur crita kang gampang nuwuhake rasa penasaran pamaos. Novel uga kalebu genre sastra saka eropa kang tuwuhan ing lingkungan kaum *borjuasi* ing Inggris sajrone abad 18.

Hutomo (1997:70) ngandharake yen novel iku mujudake corak anyar sajrone genre sastra Jawa. Sastra Jawa ngrembaka ing nuswantara wiwit abad 20-an. Wektu iku daya pangaribawane sastra kulonan tumrap Jawa ndadekake sastra Jawa wiwit wektu iku dadi sastra Jawa modern.

### Strukturalisme

Strukturalisme minangka paham ngenani unsur-unsur pamangune reriptan sastra kang gegayutan antarane unsur siji lan unsur liyane kanthi utuh (Ratna, 2008:91). Junus (sajrone Endraswara, 2003:49) uga ngandharake yen strukturalisme pancen asring dipahami minangka wujud. Reriptan sastra iku nduweni wujud. Konsep-konsep ing ndhuwur iku minangka upaya kanggo ngonceki reriptan sastra kanthi analisis struktural kang ora uwah saka struktur reriptan sastra iku dhewe. Teeuw (1988:135) ngandharake menawa prinsip analisis struktural yaiku nduduh lan njlentrehake reriptan sastra kang ditujokake kanggo ningtingi reriptan sastra kanthi jangkep, titi lan premati, saengga bisa mangerteni maknane reriptan sastra kanthi wutuh.

Miturut Nurgiyantoro (2010:25) mbedakake unsur pamangun novel dadi telung perangan yaiku tema, fakta crita lan sarana crita. Sajrone fakta crita iku ana paraga, alur lan *setting*. Kabeh mau mujudake unsur naratif kanthi *faktual* bisa dianggen-angen kadadeyan sajrone novel. Mula saka iku, unsur kasebut diarani minangka struktur faktual sajrone crita.

### Tema

Tema yaiku jiwa saka kasusastran kang bakal ana sajrone saben unsur. Tema kudu digayutake kanthi dhasar pamikiran utawa filosofi karya. Kanggo nemtokake analisis tema kudu kanthi maca bola-bali (Endraswara, 2013:53). Miturut Stanton (2007:70) ngandharake tema yaiku sawijine crita kang kanthi mligi nggambarkerake unsur-unsur kang ana sajrone crita kanthi cara prasaja. Aminuddin (2010:91) ngandharake tema mujudake ide kang dadi dhasare crita saengga bisa nduweni peran kanggo titik tolake pangripta sajrone ngandharake karya fiksi.

### Paraga lan Pamaragan

Paraga mujudake pawongan kang ditampilake sajrone karya naratif utawa drama, kang dening pamaos ditafsirake nduweni kwalitas moral lan kecenderungan tartamtu, kaya kang diekspresikake menawa pocap lan apa wae kang ditindakake (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2009:165).

Pamaragan yaiku gambaran kang cetha ngenani paraga kang ditampilake ing sajrone crita (Nurgiyantoro, 2009:65). Kanthi anane pamaragan, sawijine crita bakal dadi nyata lan luwih urip, mula unsur iki ora bisa diilangake. Kanthi anane pamaragan, pamaos bisa mbayangkake kanthi gamlang wujud manungsa utawa makhluk liya kang nduweni panguridan sajrone kasusastran.

## Alur

Mitutut Stanton (2007:26) alur yaiku crita kang isine kadadeyan kang bisa digayutake kanthi *sebab-akibat*, yaiku kadadeyan siji bisa nyebabake kadadeyan liyane. alur ngandharake kadadeyan-kadadeyan kang ngemu konflik saengga bisa narik kawigaten pamaca.

Mitutut Aminuddin (2010:84) tahap-tahap prastawa sajrone alur diperang dadi lima, yaiku *komplikasi*, konflik, *klimaks*, *peleraian*, lan *penyelesaian*. *Komplikasi* yaiku faktor wiwitan kang nyebabake anane konflik. Kenny ngandharake kang intine plot minangka lelakon-lelakon kang diwujudake sajrone crita kang ora asipa apa anane, amarga pangripta nyusun lelakon-lelakon iku adhedhasar *sebab-akibat* (Nurgiyantoro, 2007:113).

## Unsur “Pembangun” Alur

Tintingan struktural sastra ora bisa dipisahake klawan Alur. Alur mangaribawani tumrap gampang orane sawijine crita dimangerten i pamaose. Alur kang ngambarake kanthi cetha gegayutan saben kadadeyan kang dicritakake kanthi linear, bakal ngampangake pamaos anggone mangerten crita kasebut. Abrams (2005:113) nuduhake, alur ing sawijine kasusastran minangka struktur kadadeyan kang disusun kanggo ngasilake efek emosional lan efek artistik tartamtu. Kadadeyan-kadadeyan kasebut sajrone crita diandharake lumantar tumindak, tindak-tanduk utawa sikap paragane. Panemune Abrams kasebut uga disengkuyung Luxemburg (1989:149) kang ngandharake alur minangka rentetan kadadeyan kang logik lan kronologik sarta nduweni gegayutan kang ditindakake dening paraga. Najid (2003:20) ngandharake alur diperang dadi telu yaiku wiwitam, tengah lan pungkasan. Perangan wiwitan ngandhut katrangan wigati kang ana gegayutane babagan kang arep dicritakake. Perangan tengah muduhake gegambaran konflik kang wiwit tuwu. Ing perangan iki konflik kang tuwu sabanjure dadi cetha lan bisa ditemokake wangsulane. Perangan pungkasan minangka tahapan mungkasi konflik.

## Kadadeyan

Kadadeyan mujudake bab kang wiwitan sajrone unsur pamangun. Luxembrug dkk (1989:150) ngandharake kadadeyan yaiku oncate kadadeyan saka kahanan siji menyang kahanan liyane. kadadeyan-kadadeyan kang tuwu sajrone karya fksi tartamtu akeh banget, nanging ora kabeh kadadeyan kasebut nduweni bukti kanggo nyengkuyung plot. Luxembrug dkk (1989:150) ngandharake kadadeyan kaperang dadi telung jinis yaiku kadadeyan *fungsional*, kadadeyan *kaitan* lan kadadeyan *acuan*. Kadadeyan *fungsional* yaiku kadadeyan-kadadeyan kang nemtokake lan mangaribawani pangrembakane plot. Urutan kadadeyan *fungsional* mujudake crita sawijine karya fksi kang nduweni sesambungan. Anane kadadeyan-kadadeyan kang nduweni sesambungan karo logika sajrone crita ora bisa diowahi utawa diganteni. Yen diowahi bisa ndadekake crita ora logis maneh.

## Konflik

Meredith Fitzgerald (sajrone Nurgiyantoro, 2007:122) ngandharake yen konflik yaiku samubarang kang asipat ora nyenengake kang dialami dening paraga sajrone crita, yen paraga iku nduweni pilihan, paraga iku ora bakal milih lelakon iku dialami dening dheweke. Wellek & Werren (1995:285) uga ngandharake konflik yaiku samubarang kang asipat dramatis, luwih nengenake bab perang antarane rong kekuatan kang imbang lan nyeritakake anane tumindak lan piwalese tumindak. Tarigan (1985:134) ngandharake konflik-konflik kang bisa diangkat sajrone karya fksi bisa awujud konflik kang dumadi antarane manungsa klawan manungsa iku dhewe, manungsa klawan manungsa liyane lan manungsa klawan alam (konflik fisik, konflik eksternal lan konflik jasmaniah). Sajrone urip bebrayan, ora ana manungsa kang ora tau nduweni konflik. Satemah manungsa kuwi isih sesambungan karo manungsa liyane, manungsa mesthi nduweni lan ngalami konflik.

## Klimaks

Stanton (sajrone Nurgiyantoro, 2007:127) ngandharake klimaks yaiku nalika konflik wis ana ing tingkatan kang paling dhuwur lan ora bisa diganti kadadeyan. Klimaks nduweni peranan kang paling wigati tumrap pangrembakane plot. Klimaks ing kene uga bisa diarani minangka samubarang kang bisa nemtokake nasibe paraga utama. Ing sawijine kasusastran ora gampang yen pengin nemtokake klimaks, amarga klimaks ing sajrone konflik bisa luwih saka siji.

## Pungkasan Konflik

Kadadeyan-kadadeyan sajrone kasusastran bisa nuwuhake konflik, konflik kasebuta ana konflik internal lan konflik eksternal. Pangripta anggone nuwuhake konflik mesthi wae nduweni cara kanggo mungkasi konflik kang ana ing crita. Konflik iku dhewe tuwu amarga kadadeyan-kadadeyan kang bisa nyebabake konflik. Ing sajrone kasusastran, konflik bisa dipungkasi kanthi cara seneng utawa sedhiih.

## Setting

Mitutut Abrams (sajrone Fananie, 2002:97) latar minangka salah sawijine elemen pambahune crita kang wigati, amarga elemen kasebut kang bisa nemtokake kahanan umum sawijine karya sastra. Saliyane iku latar ora mung katujokake marang panggambaran sajrone crita kaya kahanan wektu, dumadine kadadeyan naning gegayutan uga karo gegambaran ngenani tradisi, watak, tumindak sosial, lan wawasan beberayan sajrone crita ditulis. Ing pihak liya, Aminuddin (2004: 67) menehi wewatesan setting minangka latar kadadeyan ing karya sastra awijud panggonan, wektu utawa kadadeyan sarta nduweni *fungsi fisikal lan fungsi psikologis*.

## Sudut Pandang (*point of view*)

Sudut pandang (*point of view*) digunakake kanggo nemtokake arah pandang pengarang tumrap kadadeyan-kadadeyan sajrone crita, saengga kacipta sawijine crita kang utuh. Mitutut Nurgiyantoro (2010:248) hakikate sudut pandang yaiku strategi, teknik, siasat kang sengaja dipilih pengarang kanggo medharake gagsan lan critane.

Sudut pandang nduweni gegayutan psikologis karo pamaos. Pamaos mbuthuhake persepsi kang gamblang ngenani sudut pandang crita.

### Strukturalisme Genetik

Strukturalisme genetik iku salah sawijine tintingan sajrone panliten sastra kang lair minangka reaksi saka pendekatan strukturalisme murni kang anti historis lan kausal. Pencetus tintingan strukturalisme genetik yaiku Lucien Goldmann, sawijing sastrawan saka Perancis. Strukturalisme genetik iku wujud saka gabungan antarane struktural lan sosiologi sastra. Strukturalisme genetik munjerake ing struktur sastra tanpa glirwakake genetik utawa asal usul dilairake sawinijing karya yaiku unsur sosial. Tintingan strukturalisme genetik uga minangka tintingan obyektif. Laras karo babagan mau Juhl (sajrone Teeuw, 1988:173) ngandharake yen karya sastra kang nglirwakake pengarang anggone menehi makna bisa dadi bebaya, amarga panafsisran kasebut bisa ngorbanake paugeran, kepribadhen, gegayuhan, uga norma-norma kang dianut dening pengarang kasebut ing sajrone kultur sosial tartamtu.

Tokoh strukturalisme genetik yaiku Lucien Goldmann, sawijine sastrawan saka Perancis. Tintingan iki dianggep minangka siji-sijine tintingan kang bisa ngowahi pamawas kang jagade pengarang. Ratna (2008:123) ngandharake menawa tintingan iki tintingan otonom kanthi nglebokake faktor genetik knggo mangerteni karya sastra. Genetik kang dikarepake yaiku asal usul karya sastra, pengarange, lan kasunyatan sejarah kang nyengkuyung anggone ngrifta karya sastra. Mula saka iku, strukturalisme genetik uga menehi pamawas ngenani analisis intrinsik lan ekstrinsik. Goldmann ngarani teorine minangka strukturalisme genetik amarga dheweke percaya yen karya sastra minangka sawijine struktur (Faruk, 2003:12). Struktur iku dudu samubarang kang statis minangka produk saka proses sejarah kang ana nganti saiki. Goldmann (Sajrone Ratna, 2008:123) ngandharake strukturalisme genetik mawas karya sastra adhedhasar unsur intrinsik lan ektrinsik. Kanggo njangkepi teorine kasebut, Goldmann nggawe saperangan kategori kang gegayutan siji lan sijine saengga mbangun apa kang diarani strukturalisme genetik. Kategori-kategori kasebut yaiku, fakta *kemanusiaan*, subjek *kolektif*, *strukturasi*, wawasan donya, pangertene lan andharane (Faruk, 2003:12).

### Pamawase Jagad Pangripta

Kantri definitif, strukturalisme genetik yaiku analisis struktur kantri menehi kawigaten tumrap asal usul karya. Kantri ringkes, strukturalisme genetik menehi kawigaten tumrap analisis intrinsik lan ekstrinsik. Minangka teori kang wis kauji validitase, strukturalisme genetik isih dirasa dening saperangan konsep canggih kang ora diduweni teori sosial liyane, kayata simetri utawa homologi, kelas-kelas sosial, subjek transindividual, lan pamawase jagad. Konsep-konsep kasebut kang kasil nggawa strukturalisme genetik ing puncak kajayane nalika taun 1980-an nganti 1990-an (Ratna, 2013:123)

### Pamawase Masyarakat

Gegayutan sastra lan masyarakat bisa digolongkake kaya mangkene: kapisan, sosiologi pangripta lan kahanan sastra. Prakara kang gegayutan yaiku adhedhasar ekonomi, produksi sastra, asal-usul sastra, status pangripta lan ideologi pangripta kang bisa diweruhi saka saperangan kagiyatan sajrone karya sastra. Kapindho, isi karya sastra, tujuwan sarta babagan-babagan liya sajrone karya sastra kasebut kang gegayutan karo prekara sosial. Katelu, prakara saka pamaos lan dampak sosial sastra (Warren, 1990: 111).

### Lelandesaning Teori

Saka pamawas-pamawas kang diandharake dening para ahli ing kapustakan ndhuwur lan panliten liya, ing panliten iki ora ngunakake kabeh wawasan mau. Ing panliten iki bakal njlenrehake novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kanthi ngunakake tintingan Strukturalisme Genetik. Tintingan strukturalisme genetik negesake rong perangan yaiku, struktur lan perangan genetik.

Kapisan ngunakake teori struktural kang diwedharake dening Nurgiyantoro. Nurgiyantoro njlentrehake yen struktur karya yaiku susunan, penegesan lan njlentrehake kabeh bahan dadi komponen kang bebarengan mbangun kaendahan sawutuhe. Perangan kasebut nerangake yen struktur iki njlentrehake perangan apa wae kang memangun struktur karya sastra kasebut.

Kapindho ngunakake teori strukturalisme genetik kang diwedharake dening Lucian Goldmann. Teori kang diwedharake dening Goldmann iki luwi nengenake latar belakang sejarah. Miturut Goldman (Sajrone Endraswara, 2003: 56) Studi strukturalisme genetik iki nduweni rong kerangka gedhe. Kapisan yaiku sesambungan antarane makna sawijine unsur karo unsur liyane sajrone karya sastra kang padha. Kaloro yaiku sesambungan kasebut dadi sawijine jaring kang padha-padha sesambungan siji lan sijine. Mula saka iku panliten iki bakal ngunakake strukturalisme genetik.

### METODE PANLITEN

#### Ancangan Panliten

Panliten kantri irah-irahan *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata Anggitane Tulus S* minangka panliten kualitatif. Semi (2012:11) njlentrehake menawa panliten kualitatif mujudake panliten kang ora ngutamakake *kuantifikasi* adhedhasar angka-angka, nanging kang diutamakake yaiku *penghayatan* tumrap sesambungan antarane konsep kang dikaji kantri cara *empiris*. Panliten kualitatif nduweni tujuwan kanggo mangerteni bab-bab kang dumadi tumrap subjek panliten kantri cara holistik lan dheskriptif sajrone wujud tembung-tembung lan basa, ing sawijine bab sing mligi kantri nggunakake maneka werna methode ilmiah (Moleong, 2008:6). Metodhe kang selaras kanggo nintingi panliten kantri objek sastra kang wujude tembung-tembung yaiku nggunakake metodhe *dheskriptif kualitatif*. Panliten kantri nggunakake methode dheskriptif kualitatif dirasa trep kanggo nintingi novel

## *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus S kanthi cetha.

Pamarekan kang digunakake sajrone panliten iki yaiku pamarekan strukturalisme genetik. Kanthi pamarekan strukturalisme genetik bakal aweh pambiyantu tumrap panulis sajrone proses ngumpulake dhata kang cundhuk karo prakara kang diajokake sajrone panliten iki. pamarekan iki digunakake kanggo njlentreha lan nintingi dhata kang laras karo fakta novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus S.

## SUMBER DHATA LAN DHATA PANLITEN

### Sumber Dhata

Sumber dhata kang digunakake panliten kaperang dadi loro yaiku sumber dhata primer lan sumber dhata sekunder. Sumber dhata primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi dhata tumrap panliti, dene sumber dhata sekunder yaiku sumber kang kanthi ora langsung menehi dhata marang panliti. Sumber dhata primer ing panliten iki yaiku awujud teks novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggiane Tulus S. Novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* iki cetakan anyar ing taun 2016, kandele novel iki 144 kaca.

Kajaba saka novel, sumber dhata liyane awujud asil wawancara. Wawancara kang katindakake dina kemis tanggal 22 juni 2017 kanthi narasumber Bapak Tulus Setiyadi ing desa Banjarsari Madiun. Sumber penunjang liyane yaiku arupa buku-buku literatur kang digunakake kanggo landhesane analisis, artikel, lan panliten-panliten kang wis ana sadurunge.

### Dhata

Dhata minangka bahan utawa objek kang bakal dikaji. Ing sajrone ilmu sastra, minangka sumber dhata kang digunakake arupa karya sastra utawa naskah. Minangka dhata formale yaiku tembung-tembung, ukara lan wacana (Ratna, 2009: 47). Dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku frase, tembung, ukara lan wacana kang gegayutan karo underaning panliten, tujuwan panliten. Dhata arupa tembung , frase lan ukara mau bisa digoleki sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus Setiyadi kang nuduhake masalah konflik karesnan kang diadhepi paraga sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kanthi nggunakake tintingan strukturalisme genetik.

Dhata kang dibutuhake sajrone panliten iki ing antarane yaiku (1) isi saka novel kang arupa tembung, ukara, wacana la solah bawane paraga kang ana ing crita novel KMISS kang gegayutan klawan struktur novel. (2) Wujud konflik internal, konflik eksternal lan akibat saka konflik sajrone novel KMISS. (3) Asil wawancara klawan pangripta kang njlentrekahe anggone ngripta novel KMISS.

## TEKNIK PANGUMPULANE DHATA

### Metodhe Pustaka

Miturut Endraswara (2013:162-163) tata cara ngumpulake dhata kanthi ngunakake metodhe pustaka diperang dadi telu, yaiku :

- 1) Nemtokake Unit Analisis.
- 2) Teknik Waca.
- 3) Nyathet Dhata.

### Wawancara

Miturut Sugiyono (2013:317) teknik wawancara yaiku tekink nglumpukake dhata kanggo nemokake prakara kang kudu ditliti, bisa dilakoni kanthi cara terstruktur utawa ora terstruktur, lan bisa dilakoni kanthi *tatap muka* utawa lewat telepon. Tumindak kang dilakoni nalika wawancara sajrone nglumpukake dhata miturut Lincoln and Guba (sajrone Sugiyono, 2013:322)

### Instrumen Panliten

Ing panliten iki, kang dadi instrumen panliten yaiku panliti iku dhewe, amarga panliti kang bakal gandharake lan nganalisis panliten iki. Nalika nindakake panliten mbuthuhake piranti-piranti utawa alat bantu antarane yaiku:

- 1) *Handphone*, kanggo ngrekam nalika wawancara aro narasumber.
- 2) *Handphone*, kanggo njupuk gambar
- 3) Cathetan pitakonan, kanggo pathokan wawancara.
- 4) Buku cathetan lan pulpen, digunakake kanggo nyathet asiling wawancara lan bab-bab kang wigati nalka nganakakae panliten.

### Tata Cara Pangolahe Dhata

- 1) Sawise maca novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* lan ngumpulake dhata sakeh-akehe kanthi caya nyathet dhata. Kanthi milih saperangan kutipan saka novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kang arupa tembung, ukara utawa paragrap.
- 2) Sawise dhata jangkep, bajur diperang. Dhata dianalisis kawiwitan ngandharake isi novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* saka unsur intrinsik. Banjur nganalisis konflik internal, konflik eksternal lan akibat saka konflik sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata*. Diterusake nganalisis unsur ekstrinsik kang ngandharake apa kang mangaribawani Tulus Setiyadi ngripta novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kang ngemot dumadine konflik.
- 3) Nggawe dudutan saka asile nganaisis dhata kang ana ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata*.

## ANDHARAN ASILE PANLITEN

### Isine Novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata Anggitane Tulus Setiyadi*

#### Tema Mayor

Sawijine karya sastra utamane karya novel mesthi ana tema mayor. Kang dikarepake saka tema mayor yaiku tema kang paling onjo lan utama saka crita kasebut. Selaras karo bab kasebut, tema mayor sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* isine kang paling onjo yaiku ngenani konflik. Paraga ing sajrone

novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* akeh kang ngalami konflik.

Konflik kang dialami dening paraga sajrone novel iki ora mung dialami siji paraga nanging dumadi antara paraga siji lan sijine. Diwiwiti saka paraga Denti lan Lore, Lore kang meksa Denti supaya gelem mbangun balewisma. Nanging Denti ora gelem amarga kelakuwane Lore. Kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Banjur piye mbesoke marang anggone awak dhewe naleni tresna. Mangka wong tuwaku wis ngoyak-oyak. Apa maneh umurku yawis kebacut.”

“Sedhela maneh aku rampung kuliah. Nanging kanggoku sing penting kowe gelem marenin kelakuwanmu.”

“Percaya marang aku, saiki aku wis mari tenan. Tobat kepengin dadi wong apik.”

“Dandang sumyang, watak watu iku angel.” (KMISS, 2016:14)

Bisa dimangertenin konflik antarane paraga Denti lan Lore. Kang ndadekake tuwuhe konflik ing kena yaiku amarga kelakuwane Lore kang dianggep denti ora becik. Saliyane kuwi Denti uga ora percaya marang Lore kang wis isa ngowahi kelakuwane. Denti lan Lore pacaran wis suwe, nanging nganti saiki ora ana tandha-tandha kanggo mbangun balewisma, kamangka umure Lore wis tua lan dheweke wis dioyak-oyak karo wong tuwane. Kepriye maneh satenane kelakuwane Lore kang ndadekake Denti mamang menawa arep nalenin tresnane.

## Tema Minor

### 1) Katresnan

Tema katresnan ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kaya kang dialami dening paraga Denti lan Lore. Kang nuduhake katresnan antarane Denti lan Lore yaiku nalika Bu Laras minangka ibune Lore nglamar Denti. Bu Laras ngerti yen Lore tresna tenan karo Denti, nganti dheweke bisa ngowahi kelakuwane uga amarga Denti. Kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Saki kowe Denti, gelem ora dadi mantuku? Njalukmu apa? Aja kwaitir dakturuti. Yen ora gelem Lore arep dakkawinke karo Mbak Ary pembantuku, lan kowe Denti daknikahake karo Pak Gimin tukang kebonku. Pilih endi? Manut aku apa sakarepmu dhewe.” (KMISS, 2016:137)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen ana katresnan antarane Denti lan Lore. Bu Laras ibune Lore mangertenin kepriye kang dirasakna Lore marang Denti. Bu Laras uga mangertenin kepriye konflik kang dialami dening anakke kasebut. Saiki kabeh wis padha cetha, lan Bu Laras nglamar Denti kanggo Lore. Amarga satenane Denti lan Lore uga nduwени rasa kang padha.

### 2) Tumindak Sedheng

Ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* iki uga nyritakake babagan tumindak sedheng kang dilakoni dening paraga Denti klawan Tosa nindakake

sesambungan tresna. Perangan iki kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Bocah kuwi jebul doyan wedokan.”

“Sing bener wae. Apa kowe tau ngonangi?”

“Kelingan ora kowe? Nalika ana acara ing Ngantang Malang kae. Jebul meneng-meneng Lore gegandhengan karo Widya.”

“Kok isa ngono?”

“Aku maca statuse. Nanging banjur dak tlisik, jebul tenanan. Dheweke akhire ngaku lan njaluk seputra. Janji marang aku ora bakal mbaleni maneh.” (KMISS, 2016:2)

Tumindak sedheng kang dilakoni dening Lore satenane wis dingertenin Denti. Kamangka sadurunge Lore ngomong yen dheweke tresna tenan marang Denti. Nanging jebule Lore ana sesambungan karo Widya. Sawise Denti mangertenin kelakuwane Lore, Lore njaluk seputra marang Denti lan ora bakal mbaleni maneh. Apa kang dadi janjine Lore ora tenanan diugemi, dhasare wong lanang kang nduwени dhuwit lan penggaweyan mapan. Lore bali maneh marang kalakuwane.

## Paraga Lan Pamaragan

### Denti

Paraga sepisan kang bakal diandharake yaiku paraga Denti. Andharan sipate Denti kang sepisan kaya ing cuplikan ngisor iki.

“Nadyan Denti ora ayu nemen-nemen dibanding karo wanita sing nate dikeloni, nanging wewatekane sing bisa nyadarake”. (KMISS, 2016:8)

Paraga Denti iku nduwени sipat kango becik, yaiku gelem nampa Lore kanthi apa anane. Kamangka Denti wis mangertenin kepriye sipate Lore. Nanging Kanthi eklas Denti nampa Lore. Saliyane kuwi Denti uga nduwени sipat ngati-ati marang Lore. Dheweke durung bisa percaya Lore sautuhe. Kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Nadyan wis dadi pacare Denti tetep wapada lan ngati-ati marang kelakuwane Lore. Eling yen wateke Lore karo wanita kerep morang tata”. (KMISS, 2016:9)

Saliyane iku Denti nduwêni sipat ngati-ati marang Lore. Amarga kelakuwane Lore, Denti ora kepengin ngrugikna awake dhewe. Sipat ngati-ati Denti kanggo njagai awake dhewe, masia pacare nanging kabeh kudu dingati-ati. Apa maneh sipate Lore sing biyen-biyen ndadekake dheweke tansah ngati-ati, wedi yen nasibe bakal kaya wanita-wanita liyane kang nate dilarani Lore.

### Lore

Paraga sabanjure yaiku paraga Lore. Andharan sipte Lore kang sepisan kaya ing cuplikan ngisor iki.

“Dadi wong prasaja pancen anggel nanging yen dicoba ora ana alane. Tekade Lore kepengin urip mangun bale wisma karo Denti kanthi gelem nampa keluwihan lan

kekurangane. Sing ala bakal ditinggal sing bolong bakal ditambal.” (KMISS, 2016:8)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake menawa paraga Lore nduweni sipat ndhodho kesalahan, marang sipayate dheweke sasuwene iki. Dheweke ngrumangsani yen dadi wong prasaja kuwi anggel, nanging dheweke bakal nyoba. Denti gelem nampa dheweke kanthi apa anane ndadekake dheweke sadhar yen dheweke kudu ngowahi kelakuwane. Sithik mbaka sithik dheweke kasil ngowasi kalakuwane.

Lore uga nduweni sipat kang seneng dolanan wong wadon. Denti mangertenai banget yen pacare kuwi seneng dolanan wong wadon. Sipate Lore kang kaya mangkono kabutki ing cuplikan ngisor iki.

“Wis cukup durung?”

“Apape?”

“Olehmu nyebar wisma manis kanggo nggorongke atine wong wadon.” (KMISS, 2016:9)

Sipate Lore kang seneng dolanan wong wadon Denti wis apal banget karo sipate Lore kang kaya mangkono. Wiwit kenal karo Lore, Denti wis ngerti yen Lore kuwi seneng dolanan wong wadon. Nanging dhasare Denti ora tresna tenanan marang Lore dadi, arepa ketaton atine sethithik wae ndadekake ora lumrah.

### Bu Laras

Paraga sabanjure yaiku paraga Bu Laras minagka Ibune Lore. Andharan sipte Bu Laras kang sepisan kaya ing cuplikan ngisor iki.

“Aja kesabaren. Kowe wong lanang, nduweni wenang nanting pacarmu. Yen isa...sing tenanan nanging yen ora ya ndang golek liya.” (KMISS, 2016:28)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Bu laras nduweni sipat kang teges marang anake. Dheweke ora seneng yen anake ora oleh wangsanan kang gumathok tekan Denti ngenani pungkasan katresnane. Wong lanang ngono menang milih. Sipat tegese Bu Laras uga kanggo Lore, Bu laras ora gelem yen anakke terus-terusan kelar-lara. Apa maneh Bu Laras ngerti yen kanca-kancane Lore wis padha ndhuwe anak.

### Gatot

Paraga sabanjure yaiku paraga Gatot. Andharan sipte Gatot kang sepisan kaya ing cuplikan ngisor iki.

“Iya mesthi. Nanging sing sabar, aja gampang kebrangas. Elinga kowe kuwi wis tuwa lan dadi pangrasa, tindak-tanduk aja ngati gawe lingsem. Aku bakal nyengkuyung marang kowe. Aja kawatin. Saiki luwih becik paranana ning omahe maneh mumpung durung bengi.” (KMISS, 2016 :34)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake sipate Gatot kang dewasa anggone nuturi kancane. Gatot ngerti banget kepriye saiki kahanane Lore. Dheweke kekancan karo Lore ora lagi wingi, mula dheweke ngerti kepriye sipate Lore. Anggone Gatot nuturi lan menehi wejangan ning

nggone Lore mbuktekakae yen Gatot kuwi pancer kanca kang apik lan nduweni sipat kang dewasa banget.

### Bu Jakiyah

Paraga sabanjure yaiku paraga Bu Jakiyah minangka Ibune Denti. Andharan sipte Bu Jakiyah kang sepisan kaya ing cuplikan ngisor iki.

“Pangorbanane Lore wis akeh marang kaluwarga iki. Iku wis mujudake anggone nduwe rasa sih tresna marang kowe. Eling prasasat saben dina sing mapag lan ngeterake kowe sapa? Kuliahmu dibantu, kalebu nalika bapak renovasi omah iki. Aja nganti kowe nggawe gelane, mundak kuwalat.” (KMISS, 2016 :57)

Bu Jakiyah nduweni sipat tansah ngelingake lan kuwatir marang kelakuwane anakke. Bu Jakiyah ora kepengin anakke getun marang pilihane mbesuk. Bu Jakiyah mung kepingan anake mbesuk urip penak lan oleh bojo kango tresna lair batin marang dheweke. Aja nganti apa kango dilakoni dheweke saiki bakal digetuni awake dhewe.

### Kristi

Paraga sabanjure yaiku paraga Kristi. Andharan sipte Kristi kang sepisan kaya ing cuplikan ngisor iki.

“Dijarne wae, bocah kementhus. Aku dhendham banget karo Tosa. pandongaku supaya dheweke ditubruk truk nganti moncrot. Lara atiku. Ohh...ketemu pisan maneh dakbacok endhase.” (KMISS, 2016 :86)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Kristi nduweni sipat dhendham marang wong liya. sipat dhendhame Kristi marang Tosa jalanan Tosa ora bisa ngajeni Kristi. Omogane Tosa kaya wong kang ora nduweni pendhidhikan lan Tosa ngasorake Kristi. Kamangka Tosa kuwi dokter nanging omongane lan sipate ora ngetokna yen dheweke kuwi dokter

### Tosa

Paraga sabanjure yaiku paraga Tosa. Andharan sipte Tosa kang sepisan kaya ing cuplikan ngisor iki.

“Sangertiku dheweke biyen iku wong menengan, sregep sinau ora kakehan polah. Bareng saiki owah kaya ngono kuwi, aku dhewe ya bingung.”

“Sing mesthi sing owah pikirane, yen waras ngomonge ora kaya ngono ta? Dakkira ora kuwat sekolah ning kedoteran, pikirane dadi linglung. Malah saiki dadi wong gemblung.” (KMISS, 2016 :87)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Tosa nduweni sipat ora bisa ngregani wong liya. saka omongane Kristi bisa dimangertenai kepriye Tosa ora bisa ngregani Kristi. Omongane Tosa nggawe catune wong liya, nganti dadi gelane. Kamangka Kristi niyate apik, yaiku mbantu supaya dheweke mangertenai apa kango dikarepna Denti satenane. Nanging Tosa malah ngasorake dheweke nganti kaya ngono.

## Kuntum

“Ora apa-apa Mbak, aku luwih seneng blaka wae tinimbang ditutup-tutupi. Oleku gelem karo Mas Tosa awit aku njaluk dheweke gelem mbukak lelakon tresnane sing kepungkur. Saiki Mas Tosa wis menehi bukti, dadi ora ana maneh tidha-tidha anggonku arep nampa. Kanthi mangkono wis ora ana sing dadi ganjelane ati. Mula sepira gedhene lopute Mas Tosa lan aku, gelem mbak Denti aweh pangapura,’ Kuntum nandhesake kahanan.” (KMISS, 2016 :122)

Cuplikan ing ndhuwur nuduhake yen Kuntum nduweni sipat jembar atine. Anggone dheweke gelem napa Tosa kanthi apa anane lan anggone dheweke aweh pangapura marang kaluputane Tosa, mbuktekake yen dheweke nduweni sipat jembar atine. Apik eleke Tosa, Kuntum gelem narima kanthi legawa lan jembar ati.

## Setting

Aminuddin (2011:67) setting yaiku latare kadadeyan sajrone karya fiksi, bisa arupa panggonan, wektu utawa kadadeyan, sarta nduweni fungsi fisikal lan fungsi psikologis. Saka tema lan pamaragan ing ndhuwur iku bisa dimangerteni yen setting utawa latar ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* iku kaya mangkene. Saka tema lan setting ing ndhuwur kang wis kaandharake bisa dimangerteni yen setting novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* iku nggambareke kadadeyan kang dialami dening para paraga ana panggonan lan wektu kang dialami dening paraga.

## Caffe

Caffe yaiku salah sawijine panggonan ing novel *Keladuk Manis Salumahe Sambilata*. Ing caffe panggonan Lore lan Sulton ketemu sasuwene ora tau ana kabar. Kalorone katon seneng banget bisa ngumpul kaya biyen maneh. kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Rapung pertemun Lore banjur nelpon Sulton lan janjian ana salah sijine caffe. Ora suwe bocah loro padha ketemu lan saiba seneng, katitik padha kamplokan lan sumunar cahyane. (KMISS, 2016 :123)

Cuplikan ing ndhuwur bisa dimangerteni kepriye kahanan kang ana ing caffe kunu. Wis suwe anggone Lore ora ketemu kanca rakete, saiki dheweke isa ketemu. Kahanan ing caffe ora mung ndadekake Lore lan Sulton seneng, nanging uga ndadekake kalorone geling-eling lelakon kepungkur. Kalorone ngeling-eling lelakon kang dialami nalika isih padha sekolah. Pancen Sulton lan Lore kanca raket nalika isih sekolah nganti tekan saiki, dadi ora nggumun yen padha mangerteni sipat elek.

## Omahe Gatot

Ing omahe Gatot wiwit Denti ngawa rasa kuciwa. Kabar kang ditampa ora bisa nglegakake atine. Dheweke ora oleh wagsulan kang gumathok saka prakara-

prakarane. Dheweke rumangsa wis ora kuwawa ngrasakna lelakon kang kaya mangkono. Kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Denti ngawa rasa kuciwa nalika bali saka omahe Gatot. Pikirane nggrambyang ora karuhan. Kabar sing ditama saka Gathot nyatane durung bisa nglegakake atine.” (KMISS, 2016 :107)

Sawise Denti bali teka omahe Gatot dheweke ngrasa kuciwa. Dheweke bingung kudu njaluk tulung marang sapa maneh supaya Lore gelem mangerten kahanan. Wektu kuwi uga Denti kepengin ketemu Kristi, mbokmenawa Kristi bisa menehi pepadhang masalahe lan bisa gawe tentrem. Amarga wektu iki Lore wis ora bisa percaya maneh marang Denti.

## Kamare Denti

Ing kamar Denti wis ora bisa ngrasakna awake, kaya-kaya dheweke wis ora nduwe daya maneh. Kahanan nggawe dhewe ora mung lara ati nanging dheweke uga ngrasakna awake lara kabe. Sedina wetenge ora klebon apa-apa, awakke krasa lemes, kapeksa dina iki dheweke ora mlebu kerja. Kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Kapinujon Kris niyat dolan nggone Denti. Karo Bunda Jakiyah terus diglendheng menyang kamare Denti. Kristi kaget dene kancane nglimpruk tanpa nduweni daya. (KMISS, 2016 :107)

## Omahe Lore

Ing omahe Lore kadadeyan kang ora dikarepake Denti gelem ora gelem kudu diweruhi dening dheweke. Niyate dheweke mara nyang omahe Lore kanggo ngrampungake prekara, nanging malah ana prekara liya. Ing ruang tamu Denti mangerten Lore lagi gegojegan karo wong wadon liya. Apa kang di ngerten Denti ing ruang tamu omahe Lore ndadekake dheweke ora kuwawa. Awakke durung mari dipeksa mara ing omahe Lore, nanging malah kahanan kang kaya mangkono kang dialehi. Pikirane kosong ragane ora kuwat, banjur ambruk ngebruki kursi ing sacredhake lawang. Kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Swara iku nggawe kagete sing aja ing njero omah. Lore lan bocah wadon kuwi metu miliki swara mau. Saiba kagete Lore jubul Denti sing tiba semput ning ngarep lawang. Age-age diangkat lumebu ning omah, digletakake ana gelaran karpet.” (KMISS, 2016 :133)

## Rumah Sakit

Ing rumah sakit kabe konflik kang sasuwene iki ana dipungkasi marang Bu Laras lan Bu Jakiyah. Wiwit kadadeyan ing omahe Lore, Denti banjur digawa ing rumah sakit lan wis ngamar rong dina. Sekabehane padha nunggoni Denti ing rumah sakit. Kahanane wiwit pulih, cahyane wis katon sumringah lan mangane wis normal. Dhasare Bu Laras wong kang teges lan ora sabaran, Bu Laras menehi putusan kanggo perkarane Lore lan Denti. Kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“ora perlu isin, nyapo? Iki Bu Laras, yen arep ngisin-ngisin mangga. Ora apa-apa,

sing baku aku ndang mantu. Karomaneh wong sak rumah sakit ben ngerti lan nyekseni yen kowe panceun wis dadi jodhone Denti. Apa aku perlu bengok-bengok ning njaba?" (KMISS, 2016 :133)

### Sudut Pandang

Pangripta anggone ngrifta novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* nggunakake sudut pandang *persona* katelu "dia". Pangripta ora ngunakake "aku" sajrone ngandharake paraga, nanging ngunakake jeneng liya kaya dene Denti, Lore, Tosa, Kristi, Maya, Gatot lan liyaliyane. Jeneng-jeneng kasebut nuduhake yen pangripta ngunakake sudut pandang katelu, jalaran pangripta ora dadi paraga utama sajrone crita ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata*. kabukten ing cuplikan ngisor iki.

"Denti mesem klecem karo nyawang Kristi. Bocah loro kuwi panceun wis akrab wiwit SMA mbiyen, nadyan Kristi wis omah-omah nanging Denti malah durung. Nanging ora gawe pedhote paseduluran."

Bisa dimangerteni saka cuplikan ing ndhuwur anggone angripta ngandharake paragane nganggo sudut pandang *persona* katelu. Pangripta anggone ngandharake paragane yaiku kanthi nggunakake jeneng, cuplikan ing ndhuwur salah sijine tuladha yen paraga ngunakake jeneng Kristi lan Denti.

### Alur

Alur kang wis diandharake iku nggamarake sawijine kadadeyan adhedhasar urutan wektu. Senandyan ing novel iki kadadeyan dicritakake kanthi alur maju mundhur . Tegese kadadeyan-kadadeyan ing novel iki kadhang kala nyeritakake lelakon kang kawuri banjur diterusake kadadeyan-kadadeyan sateruse.

### Wujud Konflik Internal, Konflik Ekternal Lan Akibat Saka Konflik

Bab iki bakal ngandharake wujud konflik internal, konflik ekternal lan akibat saka konflik sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus. S kaya ing ngisor iki.

#### Konflik Internal

Konflik internal mujudake konflik kang dialami manungsa dumadi ing njero ati manungsa kuwi dhewe. Konflik internal uga bisa diarani minangka konflik batin amarga konflik internal mung bisa dirasakake sajrone atine manungsa kuwi dhewe.

#### Lara Ati

Ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus Setiyadi iki ana gegambaran rasa lara ati kang dialami dening paraga sajrone crita. Rasa lara ati kang dialami dening paraga siji lan sijine kuwi beda-beda. Wujud saka lara ati kang dialami dening paraga Denti marang Lore kaya pethikan ing ngisor iki.

"Nadyan Lore terus nguber aku, nanging aku wis ora bisa nampa. Lara atiku, apa maneh nalika dak dhedhes dheweke ngaku

yen wis nate kumpul karo pirang-pirang wanita. Nanging jarene mung aku sing bisa mbukak atine. Aku kebacut ora percaya." (KMISS, 2016:3)

Bisa dimangerteni yen paraga Denti ing kene rumangsa lara ati banget marang Lore sing ora liya yaiku pacare. Denti lara ati banget awit Lore nduwe kelakuwan kang ora becik yaiku seneng dolanan wong wadon, ora mung dolanan Lore uga asring tumindak nista. Masia Lore ngomong yen Denti siji-sijine wong wadon kang isa mbukak atine nanging Denti wis kebacut lara ati marang kelakuwane Lore.

#### Kapeksa

Rasa kapeksa kang dialami dening paraga Denti, awit dheweke kudu nrima Lore amarga potongan budi kang akeh marang Lore. Rasa kapeksa paraga Denti kabukti saka cuplikan ing ngisor iki:

"Ngono kowe ya gelem."

"Sapa ngerti. Umpama ora poncatan budi sing akeh,wis dakpedhot wae. Kuwi sing ngandhuli aku." (KMISS, 2016:5)

Kapeksa ing kene bisa didelok saka cuplikan ing nduwur. Denti gelem narima Lore dadi pacare amerga potongan budi sing akeh. Saliyane kuwi wong tuwane Denti wis nganggep Lore mantune. Umpama ora potongan budi Lore wis dipedhot wiwit biyen. Apa maneh mangerteni kelakuwane Lore sing seneng dolanan wong wadon, ndadekake alasan kenapa Denti nganti saiki ora gelem nikah karo Lore. Amarga rasa kapesa kuwi Denti ora wedi yen sawayah-wayah Lore ninggalne dheweke. Awit wiwitan Denti wis ora srek karo Lore, amerga wong tua dheweke nrima Lore nganti saiki. Satemene wong tuane ora meksa Denti kanggo milih sapa kang bakal dadi bojone. Nanging uga ora bisa diapusi yen satemene wong tuwane Denti luwih sarujuk yen Denti karo Lore timimbang karo Tosa.

#### Sujana

Ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus Setiyadi iki ana kang nggamarake rasa sujana kang dialami dening paraga sajrone crita. Wujud saka rasa sujana kang dialami paraga sajrone crita kaya andharan ing ngisor iki.

"Rasa sujana kalamangsa tumukkul saka pikirane Lore. Apa sabenere ana priya liya sing dadi pamilihe Denti. Lore mung wedi yen mung digawe dolanan karo wanita" (KMISS, 2016:30)

Rasa sujana bisa didelok saka cuplikan ing dhuwur dialami dening paraga Lore. Lore sujana marang Denti amerga *akhir-akhir* iki Denti kerep metu karo Tosa. Sapa satemene priya sing dipilih dening Denti, minangka pacar wis sajaware yen dheweke sujana marang Denti. Apa maneh Denti sing kerep metu lan gegojekan karo piya liya, ora liya yaiku tilas pacare biyen. Lore mung wedi yen dheweke mung didadekake dolanan karo Denti. Kamangka Lore wis tenanan karo Denti. Lore ora bakal sujana marang Denti yen Lore ora ngerti kedadeyan antarane Tosa lan Denti.

#### Nelangsa

Sajrone Novel iki rasa nelangsa ora mung dialami dening siji paraga, nanging uga ana paraga-paraga liya kang ngalami rasa nelangsa. Salah sijine paraga kang ngalami rasa nelangsa yaiku Lore, dheweke nelangsa awit kelingan lelakon kepungkur kang nate dilakoni. Kabukti saka cuplikan ing ngisor.

“Ing njero mobil Lore pikirane ngrambyang tekan ngendi-endi. Lelakon-lelakon kepungkur sing uwis nate dilakoni nggawe dheweke nguyu njroning ati. Wiwit cilik apa sing dadi karepemesthi keturutan. Kalebu wanita sing kinyis-kinyis kaya kari njawil wae. Nanging saiki kaya-kaya ana sing beda. Slawase kenal karo Denti dheweke saben dina kerep nglamun.” (KMISS, 2016:7)

Gegambaran rasa nelangsa paraga Lore bisa didelok ing cuplikan ndhuwur. Lakon tresnane ora kaya apa kang dikarepake dheweke. Wiwit cilik apa kangi dadi kekerepane mesthi keturutan. Urusan wong wadon modhel kaya piye Lore kari njawil wae. Nanging saiki sawise dheweke isa ngowahi kelakuwane dheweke sing seneng dolanan wong wadon, Denti malah nggawe dheweke rumangsa digawe dolanan. Lore mikir menawa iki walesan sing kudu ditampa dheweke. Atine nelangsa yen mikirna tresnane marang Denti, sabardinane dheweke mung nglamun Denti. Denti wong wadon kang bisa ndadekake dheweke bisa ngowahi kelakuwane. Nanging Denti uga wong kang nggawe rasa tresnane kaya ora ana ajine.

### Konflik Eksternal

Konflik eksternal mujudake konflik kang dialami dening paraga lan bab-bab sing ana sanjabane paraga iku. Tegese sanjabane paraga liya ning kene yaiku lingkungan manungsa utawa padha karo konflik sosial. Konflik sosial mujudake *Pertentangan* antarane pawongan, kayata tukar padu, jotos-jotosan, sadhuk-sadhukan lan sapiturute. Saka andharan kasebut uga selaras karo anane konflik ekternal kang ana sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata anggitane Tulus Setiyadi* iki.

### Mikir Awake Dhewe

Kawiwan nalika Denti lan Lore lagi omongan. Lore kang rumangsa wis nduweni ekonomi kang cukup lan umur wis tua, dheweke takon marang Denti ngenani katresnane. Nanging Denti sajak ora seneng karo pitakonan kang kaya mangkono. Kanthi enteng Denti ngomong yen ora sabar Lore kon rabi karo wong liya dheweke ora dadi ngapa. Kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Dent...kira-kira kapan awak dhewe nikah?”

“Bola-bali aku wis ngomong, isih takon wae.”

“Wangsulanmu aja ngambang ta. Wong tuaku wis ora sabar.”

“Yen ora sabar, rabiya karo wong liya wae.” Tembung sajake nggodha.

“Omong apa!Ora ana wanita sing dak tresnani lahir batin kejaba awakmu.”  
(KMISS, 2016:25)

Cuplikan ing ndhuwur bisa dimangertenai menawa paraga Denti mikir awake dhewe. Dheweke ora mikir kepriye perasaane Lore lan kepriye wong tuwane Lore. Umure Lore wis klewat lan ibune wis ora sabar kepengin ngerti Lore rabi. Wong tua wis padha ngertine, apa maneh sing dienteni Denti. Lore wis pengen ngawa sesambungane karo Denti luwih tenanan. Nanging apa tanggapane Denti, yen ora sabar ngenteni dheweke Lore dikongkon rabi karo wong wadon liya. Sipat egoise Denti katon banget ing cuplikan iki, kamangka Lore wis tresna tenanan marang Denti.

### Ora Bisa Ngajeni Wong Liya

Sipat ora bisa ngregani wong liya kangi nduweni paraga Tosa ora mung kuwi wae, nanging uga ana cuplikan liyane kangi nuduhake yen Tosa ora bisa ngregani wong liya . kaya cuplikan ing ngisor iki.

“Mas saiki Denti kuwi pikirane bingung. Satemene dheweke ya tresna karo kowe. Nanging....”durung nganti rampung anggone kandha dipancal omongan karo Tosa.”

“Nanging dheweke isih bingung.”

“Bener Mas!”

“Bingung awit kancane seneng melu-melu terus ngububi!”” (KMISS, 2016:65)

Bisa didelok nalika Kristi ngomong lan njlentrehake kahanane Denti yen satenane tresna marang Tosa. Nanging sadurunge Kristi rampung anggone ngomong Tosa wis kebacut medhot omongane Kristi. Kamangka Kristi niyate mung ngewangi kacane, ora ditampa kanthi apik dening Tosa. Niyate Kristi ora kok pengen melu masalah antarane Denti, Lore lan Tosa. Kristi mung mesakne yen ngiwasi kancane susah, dadi gelem ora gelem Kristi nemoni Tosa kanggo njlentrehake kahanan sing satenane. Nanging kaya wong ora nduweni pendidikan lan tata krama omongane Tosa marang Kristi. Saka cuplikan ing ngisor iki uga bisa didelok menawa omongane Tosa kaya dene wong kang ora nduweni pendidikan.

### Akibat Saka Konflik

Akibat saka konflik mujudake kadadeyan kang dialami dening para paraga nalika sabubare ana konflik ing uripe. Akibat saka konflik bisa nggawe owahe kapribaden manungsa amarga konflik-konflik kang dialami dening paraga kasebut. Akibat konflik kasebut bisa saka konflik internal lan konflik ekternal. Supaya bisa luwih ngertenai akibat saka konflik internal lan ekternal apa kangi ana sajrone crita bakal diandharake ing ngisor iki.

### Rasa Getun

Kawiwan nalika Lore ngajak Denti rabi nanging Denti ora menehi wangsulan kang gumathok ngenani rasa tresnane lan pungkasane tresna. Rasa getune Lore yaiku amarga kelakuwane dheweke kang nggawe Denti nganti nganthing saiki durung bisa nrima dheweke. Kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Lore sadhar minangka wong kang lput selwase iki. Dene Denti isih gelem napa dadi pacare iku wis kabegan. Panyawange adoh karo mbayangke lelakon kepungkur. Lore kepingin uwal saka pakulinane. Nadyan abot nanging kanggo nyembadani panjaluke pacare bakal ngupaya” (KMISS, 2016:15)

Anane sipate Denti sing ora gelem dijak luwih tenanan anggone gegandhengan amarga kelakuwane Lore sing seneng dolanan wong wadon. Amarga sipate dheweke ndadekake Denti ragu yen arep mlaku luwih adoh karo dheweke. Lore sadar yen Denti isih gelem napa dhewe kanthi apa anane kuwi wis kabegan banget kanggo dheweke. Yen wektu bisa diputer dheweke ora kepengin nduweni sipat sing kaya mangkono. Dheweke saiki wis bisa ngowahi kelakuwane nanging dheweke durung bisa nggawe percaya Denti yen dheweke wis bener-bener owah saka kelakuwan sing seneng dolanan wong wadon. Dheweke mung bisa ngupaya muga-muga Denti gelem nrima dheweke.

### Kuciwa

Rasa kuciwa yaiku *reaksi* ora selaras antarane kekarepan, kepeneinan karo kasunyatan. Rasa kuciwa bisa disebabake amarga *target* kang dikarepna ora kaleksanan saengga nyiksa awake dhewe. Ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus Setyadi ana paraga kang ngalami rasa kuciwa sajrone cerita kasebut. Wujud saka rasa nelangsa kang dialami dening paraga kaya ing ngisor iki.

“Ana ndalan lambene Lore ndremimil kaya wong liwung. Untune geget-geget karo tangane kalamangsa dikepelake ning setir. Rasa kuciwa kaya-kaya tansah mbebidhuh atine.” (KMISS, 2016:34)

Gegambaran rasa kuciwa kang dialami dening paraga Lore bisa didelok saka cuplikan ing ndhuwur. Niyate pengin dolan nyang omahe Denti kanthi niyatannya kang apik malah nggawe kuciwani ati. Nalika arep menggok ing pekarangan omahe Denti dheweke ngerti yen Denti lagi gegojegan karo priya liya. Denti katon akrab naget karo priya kuwi, kamangka karo dheweke Denti ora bisa kaya mangkono. Sapa wonge mesti kuciwa yen ngerti kadadeyan kaya mangkono. Amarga kuciwa diurungke niyatannya arep dolan nyang omahe Denti, dheweke ora sida menggok ing pekaranga omahe Denti. Tanpa akeh mikir dheweke lunga tekan papan kunu langsung bali mulih ngawa rasa kuciwane.

### Rasa Luput

Rasa lput mujudake rasa kang dialami dening manungsa nalika sabubare nindakake bab sing ora pener. Manungsa kang rumangsa yen dheweke lput marang manungsa liya bakal ndadekake uripe ora temtrem. Rasa lput bisa ndadekake konflik batin dening manugsa lan ndadekake uripe ora bungah. Ora kabeh manungsa nduweni rasa lput tumrap apa kango wis ditindakake. Ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus Setyadi ana paraga kang rumangsa lput sajrone

cerita kasebut. Wujud saka rasa lput kang dialami dening paraga kaya ing ngisor iki.

“Nganti lingsir wengi mrivate Denti ora bisa diremke. Pikirane nggrambang tekan ngendi-endi, atine ora bisa tentrem. Dheweke terus kelingan marang wewayangane priya sing dadi gegantilane ati. Kayangapa mangkele Lore sing wis dadi gegandhengane sawetara wektu.” (KMISS, 2016:40)

Cuplikan ing ndhuwur bisa dimangertenip menawa rasa lput dirasakna dening paraga Denti. Dheweke rumangsa lput marang Lore awit dheweke ora bisa njaga tresname Lore. Lore wis diwenehi kapitayan nanging dheweke malah mblenjani. Dheweke ngerti kepriye larane Lore mangertenip yen wong sing ditresnani mlaku karo priya liya, apa maneh priya iku tilas pacare. Dheweke rumangsa lput banget marang priya sing dadi gegantilane ati. Amarga rasa lputte nganti nggawe dheweke kepirikan lan pikirane nggrambang tekan ngendi-ngendi. Denti mikir kepriye anggone dheweke nebus rasa lputte marang Lore. Apa isih gelem Lore nampa dheweke sawise dheweke nggawe catu atine lan nggawe kuciwa atine.

### Ora Bisa Percaya

Rasa ora bisa percaya ora mung dialami siji paraga nanging uga ana paraga-paraga liya kang ngalami rasa kasebut. Denti ora bisa percaya marang Lore jalanan Lore nduweni kelakuwan seneng dolanan wong wadon. Kaya cuplikan ing ngisor.

“Kok tega tenan karo aku. Sumpah ora bakal tumindak nistha, menawa ora percaya bisa dak buktekna.”

“wong iku menawa ngomong gampang. Nanging kanyatan kalmangsa kosokbaline.” (KMISS, 2016:15)

Rasa ora bisa percaya dirasakna dening paraga Denti, dheweke ora bisa percaya marang Lore, awit Lore nduweni kelakuwan sing senengane dolanan wong wadon. Nganti saiki kenapa kok Denti ora gelem mbangun balewisma amarga dheweke isih durung percaya yen Lore bisa owah saka kelakuwane sing kaya mangkono. Denti wedi yen nasibe dheweke bakal kaya wong wadon sing nate tepung Lore, masiya Lore ngomong yen Denti salah sijine wanita sing ana ing atine nanging dheweke isih durung percaya. Angel anggone percaya marang Lore, apa maneh yen kudu percaya menawa Denti mung siji-sijine wanita kang ditresnani Lore. Amarga Denti mangertenip banget kepriye sipate pacare kuwi.

### Pasrah

Rasa pasrah dirasakna marang paraga Denti, awit kahanan kang dilakoni dheweke ndadekake dheweke ora kuwawa. Kabukiing cuplikan ngisor iki.

“Rasane aku kepengin ninggalake sekabehane. Ndonya kebak lelakon kang kerep nggawe catune ati. Mula sepuraku sing gedhe ya.”

“Kowe ngomong apa? Sing sabar, apa kowe ora kepengin maneh dolan karo aku. Menawa kowe nganti mupus tekan semono, sing dadi gegayuhanmu mung mandheg tengahing dalan.”

“Ohh...Lore separanen aku. Aku wis ora kuwat,” sambate Denti.” (KMISS, 2016:113)

Denti rumangsa ora kuwawa yen kudu ngrasakna lelakon sing kaya mangkono. Denti rumangsa apa kang wis dilakoni ora ana gunane, kabukti Lore isih durung bisa aweh pangapura marang dheweke. Anggone dheweke rumangsa luput marang Lore ndadekake dheweke nganti pasrah kaya mangkene. Denti wis ora bisa mikir maneh amarga kaya-kaya wis ora ana dalam kanggo dheweke sesambungan maneh karo Lore. Denti rumangsa yen lelakon urip nggawe catuning atti. Rasane dheweke wis pasrah, pengen ngeculke sekabehane amarga dheweke rumangsa wis ora kuwat. Dheweke ngrasakna lelakon katresnan kang mbingungake. Katresnane ora mung ngawe lara ati nangin uga lara ragane.

### Bisa Nemtoke Pilihan

Kawiwanan Denti kang ora bisa nemtokake pilihan, saiki Denti wis bisa nemtokake pilihane. Pilihane Denti yaiku Lore minagka dadi pasangane urip. Kabukti ing cuplikan ngisor iki.

“Wusanane Denti nibakake pilihan marang Lore minangka pasangan urip. Kanthi tetimbangan kang pancen abot mungguhing Denti. Kepeksa Tosa kudu nyingkir saka atine, nadyan mbiyen ws nate nancepake rasa tresna.” (KMISS, 2016:61)

Saka konflik-konflik kang dialami Denti ing katresnane Denti saiki wis bisa nemtokake priya sapa sing pantes nyandhing karo dheweke. Masiaya abot anggone dheweke milih, nanging dheweke kudu milih. Kanthi tetimbangan kang pancen abot dheweke milih Lore dadi gandhengane. Pancen Tosa mbiyen nate dadi wong kang paling ditresnani, nanging saiki kahanan wis beda. Denti luwih abot Lore tinimbang Tosa. Saiki dheweke milih Lore ora amarga kapeksa, nanging amarga rasa tresna kang satemene.

### Rasa Ayem

Awit saka konflik-konflik kang dialami Denti saiki dheweke wis rumangsa ayem. Apa maneh Tosa kang mbiyene nggawe dheweke bingung, saiki wis arep nikah karo wong wadon liya lan Denti dhewe wis bisa nemtokake pilihane. cuplikan ing ngisor iki ndadekake rasa ayem ing atine Denti.

“Ngene blaka wae, anggonku mrene mau arep ngabari kowe menawa sasi ngarep aku arep nikah karo Dhik Kuntum. Mula njaluk pangestumu.” (KMISS, 2016:121)

Cuplikan ing ndhuwur bisa dimangerteni rasa ayeme Denti nalika Tosa dolan ing ngomahe Denti, nanging dolane ora dhewe kaya sing ndhisik-ndhisik. Tosa teka karo kenya wadon jenenge Kuntum. Tosa ngomong yen dheweke arep nikah karo Kuntum. Krungu

omongan sing kaya mangkono rasa ayem tur lega ana ing atine Denti. Saiki dheweke bisa mesem amarga Tosa wis nduwe gandhengan, kanthi mangkono Tosa ora bakal nganggu Denti maneh. Denti turut bungah karo putusan kang dijupuk Tosa, iku pratanda yen Tosa wis bisa ngeculake Denti kanthi eklas.

### Rasa Pangigit-Igit (Dendam)

Awit saka ceritane Denti marang Kristi ngenani kelakuwane Lore kang seneng dolanan wong wadon. Kristi ora kepngin yen kancane kuwi nduweni nasib padha karo wong wadon kang digawe dolanan Lore. Mula saka kuwi ndadekake Krisri tukul rasa pangigit-igit marang Lore. Kabukti ing cuplikan iki.

“Rasane kepngin ketemu banjur dakclathoni.”

“Tunguen wae. Mengko sore dheweke arep mrene.” (KMISS, 2016: 4)

Bisa dimangerteni saka cuplikan ing ndhuwur Kristi nduweni rasa pangigit-igit marang paraga Lore. Tukule rasa pangigit-igit Kristi jalaran Denti minangka kanca rakete dilarani atine. Kristi ora kepngin kanca rakete mung digawe dolanan kaya wong wadon kang nate tepung karo Lore. Minangka kanca wajar yen dheweke nduweni rasa pangigit-igit marang Lore. Isih ana wong lanang liya luwih apik saka Lore kang pantes nyandhing Denti.

### Kang Njalari Tulus Setiyadi Ngripta Novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* Kanthi Akeh Nuwuake Konflik.

Tintingan strukturalisme genetik kejaba ngrembug struktur crita uga ngrembug proses lan lingkungan sosial dumadine novel. Dumadine novel ora bisa uwat saka lingkungan novel kasebut diripta. Novel *Keladuk Manis Ing Salumahe sambilata* uga diperawani dening lingkungan sosiale panggonan dumadine novel uga lingkungan sosial pangriptane. Kejaba iku uga keprabawan saka pengalaman pribadhine pangripta.

### Lingkungan Sosial Pangripta.

Ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* iki lingkungan sosiale Tulus Setiyadi pranyata nduweni pangaribawa kang gedhe, amarga saka pengalaman uripe ing lingkungan sosial lan kadadeyan-kadadeyan kang dialami dening Tulus Setiyadi dhewe. Kaya kang diaturake dening Tulus Setiyadi nalika wawancara, kacuplik ing ngisor iki.

“Saya menciptakan karya sastra iku sebenarnya sumbernya dari beberapa tempat. Dan dari beberapa sumber dirangkum menjadi suatu cerita. Hla nek aku yen wis ora oleh inspirasi tak tinggal wae, ora tak bacutake anggonku nggawe novel. yen wis ora nduwe inspirasi biasane tak tinggal dolan ning alun-alun, ngopi utawa ning sawah. Mengko aku ning alun-alun ngerti kadadeyan apa wae isa dadi

*ispirasiku, ning sawah biyasane ya oleh inspirasi. Biasane kanca-kanca ngopi cerita masalah, kuwi ya bisa dadi ispirasiku. Ndelok tangga kiwa tengenku uga bisa oleh inspirasi” (Tulus S, 22 Juni 2017)*

Andharan kasebut, bisa dimangertenin yen panceh kahanan masyarakat lan kadadeyan-kadadeyan ing masyarakat nduweni daya pangaribawa tumrap asil reriptan sastra. Ing novel *Keladuk Manis Salumahe Sambilata* anggitane Tulus Setiyadi uga nyeritakake kadadeyan-kadadeyan kang ana ing masyarakat, kaya dene konflik kang dilami dening Denti, Lore lan Tosa sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata*.

*“Nanging ngene umume kang dialami dening masyarakat lan remaja saiki lak ya kaya ngono ta? Rebutan pacar. Aku ndelok ning sinetron ya kaya ngono ceritane. Kancaku uga nate cerita yen pedhot karo pacare perkarane ya ngono-ngono wae,dadi tak bumboni sithik banjur dak lebokne ning novelku. Dadi anggonku nggawe novel ora mung imajinasine, amaga rata-rata konflik kang ana lak ya ngono kuwi. Akeh-akehe aku nggawe cerita wong lanange nakal banjur sadhar amarga wong wadon kang ditresnani.” (Tulus S, 22 Juni 2017)*

Cuplikan ing ndhuwur cetha yen panceh crita novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* iki banget dipangaribawani dening kahanan sosial pagripta yaiku Tulus Setiyadi iku. Kejaba iku kadadeyan-kadadeyan kang ana ing jaman saiki uga akeh bocah wadon utawa wong lang tukaran amarga rebutan pacar. Terus yen ora ngono ya bingung anggone milih pasangan. Mula saka iku Tulus Setiyadi uga nduweni pamikir lan imajinasine kanggo nyeritakake crita kasebut dadi novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* iki.

Saka kahanan kang ana ing lingkungane Tulus Setiyadi kang ndadekake sumber pamikir kanggo ngrifta novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kanthi akeh nuuhake konflik. Kahanan-kahanan kang ana ing lingkungan nduweni pangaribawa langsung tumrap asil reriptan sastra kasebut. Pangripta manggon ing Madiun lan ngalami kadadeyan-kadadeyan kanthi langsung tumrap asil kasusastran kang diripta utamane novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* iki.

#### Pengalaman Pribadhi Pangripta

Tulus Setiyadi minangka pangripta kang ngrifta sawijine karya sastra duweni pengalaman pribadhi kang bisa mangaribawani tumrap asil karya sastrane. Pengalaman-pengalaman kang dilakoni pangripta *dikembangkan* dening pangripta kanthi pamikirané banjur dicritakake sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata*. Kadadeyan-kadadeyan kawuri disambungake klawan kadadeyan kang ana ing kasunyatan saiki. Pangripta uga njlentrehake yen isine crita ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata*

iku ora luput saka kasunyatan lan pamikire pangripta. Kaya cuplikan wawancara ing ngisor iki.

*“Aku biyen nate nduweni sesambungan karo wong wadon nalika isih kuliyan ning jogja, omahe ya Madiun. Aku wis tenanan marang dheweke, malah nduweni niyatana arep tak dadekke bojoku. Nanging amarga ana kadadeyan lan masalah kang nggawe kuciwane atiku, banjur ora sida.. Nganti saiki aku ya ora ngerti kabare piye, nanging krungu-krungu kok wis nikah. Banjur jeneng-jeneng paraga kang ana ing novel uga jeneng-jenenge kancaku. Nah saka kuwi uga kang ndadekake aku nggawe konflik ing novelku kuwi. (Tulus S, 22 Juni 2016)*

Andharan ing ndhuwur bisa dimangertenin, yen pangripta nyeritakake isine novel lumantar saka kadadeyan-kadadeyan kang ana ing kasunyatan yaiku pengalaman pribadhine dhewe. Kejaba iku *kembangan-kembangan* crita ing novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* ditambahi dening pamikir lan imajinasine pangripta.

#### Pamawase Pangripta

Tulus Setiyadi minangka pangripta kasusastran, lumantar karyane kang awujud novel kanthi irah-irahan *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* njlentrehake babagan pesen sajrone novel kasebut. Sajrone novel diandharake kaya dene Denti kang satenane ora nate tresna marang Lore, lan tekane Tosa kang nggawe bingung atine Denti anggone nemtokake pilihane. Lelakon katresnane Lore lan Denti ngalami sawernane kadadeyan-kadadeyan. kadadeyan kasebut bisa arupa kanuragan lan uga nemahi godha kang gedhe. Saka wawancara, pangripta njlentrehake ngenani lelakon sajrone katresnan. Kaya cuplikan ing ngisor iki.

*“Kekuatan cinta lebih besar dari apa pun, tak omongi. Anda bilang bahwa Tuhan itu kekuatan terbesar, tapi kalo anda tidak memiliki kekuatan cinta kepada Tuhan tidak mungkin cinta itu ada. Setiap kebahitan yang ada jika kita gabungkan maka kita akan mendapatkan obat (jalan) untuk menyelesaikannya. Denti lak ora seneng marang Lore nanging tresna kuwi jalanan saka kulina. Dadi manungsa kuwi yen seneng aja kebacut seneng, banjur yen sedhih aja nganti kelara-lara.(Tulus S, 22 juni 2017)*

Cuplikan ing ndhuwur bisa dimangertenin yen rasa tresna bisa ngalahna apa wae. Kabuki konflik-konflik kang dialami dening Denti lan Lore bisa dipungkasi uga krana tresna. kapaitan-kapaitan kang dirasakna Denti pungkasane oleh madu (obat). Kapaitan ing urip ora selawase nggawe manungsa sengsara, nanging sawalike. Amarga kapaitan ing urip bisa ndadekake kauripane manungsa luwih becik saka sadurunge.

Manungsa sajrone uripe mesthi bakal nampa musibah ing panguripane, senandyan mangkono manungsa kudu tanah mbudidaya atine supaya ora kelara-

lara. Amarga ati minangka punjering panguripane manungsa. Cuplikan ing ndhuwur uga negesake yen nalika nampa musibah manungsa bisa kuwat ngadhepi nalika dheweke duweni pikir yen urip ing ngarep isih dawa. Ora bisa mung meneng wae lan nelangsa kanthi terus-terusan. Semono uga manungsa yen diwenehi rasa seneng, aja ngnati ndadekake manungsa keladuk anggone seneng-seneng. Amarga bakal ana musibah kang ana ing uripe.

## PANUTUP

Saka tintingan panliten kang diandharake ing bab prathelan asiling panliten, bisa didudut yen novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus Setiyadi ditintingi kanthi tintingan strukturalisme genetik. Asile tintingan bisa kajlentrehake kaya ing ngisor iki.

Isi novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* anggitane Tulus Setiyadi yaiku ngenani konflik. Konflik kang dumadi antarane paraga utama Denti lan Lore klawan paraga-paraga liyane yaiku Tosa, Kristi, Gatot, Bu Jakiyah, Bu Laras lan Kuntum. Konflik kasebut uga kasengkuyung kanthi anane tema minor yaiku katesnan lan tumindak sedheng kang dilakoni paraga utama. Papan sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* yaiku ing caffe, omah lan rumah sakit. Pangripta sajrone novel KMISS ngunakake sudut pandang *persona* katelu lan nggunakake alur maju mundur utawa alur campuran.

Wujud konflik internal sajrone novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kang dialami dening paraga-paraga yaiku lara ati, kapeksa, sujana, nelangsa. Saliyane konflik internal uga ana konflik ekernal kang dialami dening paraga, wujude yaiku paraga utama mikir awake dhewe lan ora bisa ngregani wong liya. Banjur akibat saka konflik kang dialami paraga-paraga kasebut yaiku rasa getun, kuciwa, rasa luput, ora bisa percaya, pasrah, bisa nemtokake pilihan, rasa ayem lan rasa pangigit-igit (dendam).

Kang njalari Tulus Setiyadi ngripta novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* kanthi akeh nuwuhake konflik kaperang dadi Loro yaiku lingkungan sosial pangripta lan pamawase pangripta. Lingkungan sosial pangripta nduweni sesambungan kang raket marang karya sastra kang diripta. Saka kahanan lingkungan kasebut mangaribawani pangripta nganti dheweke bisa nduweni inspirasi kang ngipt sawijine karya sastra. Semono uga lingkungan sosial Tulus Setiyadi kang sajrone ngripta novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* iki uga kaprabawan saka lingkungan sosiae. Reriptan novel *Keladuk Manis Ing Salumahe Sambilata* uga kaprabawan saka pamawase pangripta. Pangripta nduweni daya imajinasi lan uga kreatifitas kang bisa ndadekake dumadine konflik ing crita novel wutuh lan nengsemake. Pangripta uga menehi pesen lan piwulangan lumantar asil reriptan kang arupa novel kasebut. Kanthi anane piwulangan saka pangripta kasebut ndadekake karya novel iki luwihipiguna tumrap para wong kang maca.

## KAPUSTAKAN

- Aminuddin. 2004. *Pengantar Apresiasi Kasusastran*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Pengantar Apresiasi Kasusastran*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Atar Semi, M. 1988. *Anatomi Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Damono, Supardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Depdikbud.
- Depdiknas. 2008. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metode Penelitian Sastra*. Jakarta: PT Buku Kita.
- \_\_\_\_\_. 2006 . *Metodelogi Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Media Press.
- Fananie, Zainuddin. 2002. *Telaah Sastra*. Surakarta: Muhammadiyah University Press.
- Faruk. 2003. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1997. *Sosiologi Sastra Jawa*. Balai Pustaka: Surabaya.
- Jabrohim (Ed). 1990. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta Hanindita.
- Luxemburg, dkk. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia.
- Najid, Muh. 2002. *Teori Pengkajian Fiksi dan Drama*. Surabaya: Taman Nadiyah azzala.
- \_\_\_\_\_. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. University Press.
- Nuryiantoro. 2010. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Pradopo, dkk. 2002. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Tri Tunggal Tata Fajar.
- Ratna, Nyoman Kuntha. 2008. *Pengantar Teori Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rass, J.J. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakir*, Jakarta Grafiti Press.
- Siswanto, Wahyudi. 2008. *Pengantar Teori Sastra*. Jakarta : PT Grasindo.

Stanton, Robert. 2007. *Teori Fiksi Robert Stanton*.  
Yogyakarta: Pustaka pelajar.

Sumardjo, jakob. 1999. *Konteks Sosial Novel Indonesia 1920-1977*. Bandung: Penerbit Alumni.

Setiyadi, Tulus. 2016. *Keladuk Manis ing Salumahe Sambilata*. Lamongan. CV. Pustaka Ilalang Group.

Teeuw, A. 1998. *Sastra dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.

Wellek, Renelan Austin Warren. 1995. *Teori Kasusastran*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.

